

FL-1083-20221-12

Notis Biblik

Lamenm yo bay notis Konte Lee pral aplike pou yon sibvansyon Administrasyon Tranzit Federal kote I ap itilize fon ki alwe nan Pwogram Fòmil Zòn Ibanize nan 49 USC Seksyon 5339 la nan pwogram otobis ak fòmil etablisman pou otobis; ak pwogram Fon Fleksib nan 49 USC Seksyon 5307 la ki pral bay asistans pou kapital pwojè nan Depatman Tranzit konte Lee a, LeeTran.

Fon sibvansyon pou ane fiskal federal 2022 a pral ofri yon finansman pwogram konbine \$10,828,886. Pwogram pwojè yo pral gen ladan yo antretyen preventif, sèvis transpò adapte pou ADA, ranplasman otobis ki fè wout fiks yo, ranplasman kamyonèt transpò adapte pou ADA, ranplasman veyikil sipò, materyèl, lojisyèl, planifikasyon, ekipman siveyans, amelyorasyon arè otobis yo, ak aitk antretyen ki asosye ak kapital. Fon pwogram nan pral matche avèk Kredi Developman Transpò Leta Florid la.

Nenpòt pati ki enterese ka fè demann pou Konsèy Komisè Konte Lee a (ann anglè, Lee County Board of County Commissioners) fè yon odyans biblik konsènan pwogram pwojè yo pou aplikasyon pou sibvansyon zòn iben sa a. Pou fè demann pou yon odyans biblik tanpri soumett yon demann alekri nan espas 10 (dis) jou notis sa a nan Lee County Transit, 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901.

Tout pati ki enterese ka jwenn yon kopi aplikasyon sibvansyon sa a nan LeeTran 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901 ant 8:00 a.m. a 5:00 p.m., de lendi a vandredi.

Si yo pa fè okenn chanjman nan pwojè ki site anwo a, yo pral konsidere notis sa a kòm notis final pwogram pwojè yo. Ou ka dirije tout kesyon nan LeeTran Grants Analyst nan (239) 533-0356 oswa pa imèl nan kfernandez@leegov.com oswa nan www.rideleetran.com

Konte Lee pap fè diskriminasyon kont endividé sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, reliyion, revni oswa estati familyal. Pou mande entèpretasyon lang, tradiksyon dokiman oswa yon modifikasyon rezonab ki kalifye pou ADA san sa pa koute moun ki fè demann lan anyen, kontakte Ranice Monroe, (239) 533-0374, Florida Relay Service 711, omwen senk jou ouvrab alavans. El Condado de Lee brindará servicios de traducción sin cargo a personas con el idioma limitado del inglés. Moun ki kwè yo te viktim diskriminasyon sou kondisyon sa yo ka pote yon plent nan Komisyon Florid sou Relasyon Imen (ann anglè, Florida Commission on Human Relations) nan 850-488-7082 oswa 800-342-8170 (mesajri vokal).

Fort Myers News-Press
Dat publikasyon: 20/7/22